दिन– बुध | दिनांक–25.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधि– 05 मिनट

---

राष्ट्र आइ पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी कँ हुनक सयम जयंती पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलक। ई दिन सुशासन दिवसक रूप मे सेहो मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर नव दिल्ली मे वाजपेयीजी के समाधि स्थल सदैव अटल पर श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी समाधि स्थल पर पुष्पांजलि अर्पित कऽ पूर्व प्रधानमंत्री के श्रद्धांजलि देलनि।

---

सुशासन दिवसक अवसर पर पटनाक पाटलिपुत्रा पार्क मे राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। जतऽ राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव, भाजपा प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल, राज्य सरकारक मंत्री विजय चौधरी, अशोक चौधरी, लेसी सिंह, भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता शाहनवाज हुसैन सहित कतेको गणमान्य लोकनि पूर्व प्रधानमंत्री के पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, राजभवन मे पूर्व प्रधानमंत्री के स्मृति मे आयोजित विशेष कार्यक्रम मे नीति आयोगक पूर्व कार्यकारी अधिकारी अमिताभ कान्त अपन व्याख्यान देलनि। विभिन्न जिला मुख्यालय सभ मे सेहो पूर्व प्रधानमंत्री के स्मरण मे सुशासन दिवस समारोहक आयोजन कयल गेल।

---

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आइ बेगूसरायक गांधी स्टेडियम मे नवनिर्मित अटल बिहारी वाजपेयी पवेलियन कँ उद्घाटन कयलनि। ओ एहि अवसर पर कहलनि जे वाजपेयीजी के दृढ़ इच्छाशक्ति हमरा लोकनिक लेल प्रेरणा स्रोत बनल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रगति यात्राक दरमियान काल्हि शिवहर जिला मे एक सय सत्तासी करोड़ टाकाक लागति वला विभिन्न परियोजनाक शिलान्यास करताह। श्री कुमार पिपराही प्रखंडक मसौढ़ा पंचायत मे नवनिर्मित पंचायत भवन, अमृत सरोवर, पोषण वाटिका, अपशिष्ट प्रसंस्करण इकाई सहित विभिन्न योजना सभक उपहार देताह।

———————————————————————————

राजद नेता आ विधानसभा में नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक सरकार पर नियंत्रण समाप्त भऽ गेल अछि आ कंट्रोल पूरा तरहें भाजपाक हाथ मे चलि जयबाक आरोप लगौनि अछि। एम्हर, एहि पर अपन प्रतिक्रिया दैत भाजपा नेता आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव एनडीएक एकजुटता सँ घबड़ा गेलाह अछि। श्री पांडेय कहलनि जे बिहार मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कँ नेतृत्व मे विकासक पथ पर आगां बढि रहल अछि आ आगामी विधानसभा चुनाव मे सेहो विपक्ष कँ कोनो मौका नहि भेटत।

———————————————————————————

केरल के राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान बिहारक नव राज्यपाल होयताह। ओ बिहारक बियालीसम राज्यपाल हेताह। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बिहार सहित पाँच राज्य मे राज्यपाल के नियुक्ति कयलनि अछि। बिहारक राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर के केरल के नव राज्यपाल नियुक्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

बोधगयाक महाबोधि मंदिर परिसर मे आइ सँ तेसर अंतर्राष्ट्रीय मंत्रोच्चार आ धम्म पाठक आयोजन कयल जा रहल अछि। ई आयोजन एकतीस दिसम्बर धरि चलत। एहि मे देश–विदेशक बौद्ध श्रद्धालु भाग लऽ रहलाह अछि।

———————————————————————————

क्रिसमसक त्योहार आइ श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ईसाई धर्मावलंबी ईसा मसीह कँ जन्म दिवस क्रिसमस के रूप मे मनबैत छथि। एहि अवसर पर लोक एक दोसर के केक खुआए बधाई दैत छथि। क्रिसमस के लऽकऽ राजधानी पटना सहित विभिन्न जिला सभ मे गिरजाघर के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। कतेको ठाम करोल गायनक सेहो आयोजन भेल अछि।

———————————————————————————

बिहार ललित कला अकादमीक संस्थापक अध्यक्ष महेश कुमार सिन्हाकेँ बेंगलुरूक एक अस्पताल मे निधन भऽ गेल। ओ नब्बे वर्षक छलाह। डॉक्टर सिन्हा आकाशवाणी पटनाक समाचार संवाददाताक पद पर सेहो अपन सेवा देने छलाह। हुनक निधन पर कलाकार, रंगकर्मी, पत्रकार आ शिक्षा साहित्य जगत सँ जुड़ल गणमान्य लोकनि संवेदना जतौलनि अछि।

——————————————————————————————

राजधानी पटना आ लऽग–पासक  क्षेत्र मे पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ मेघ लागल अछि। एकर संगहि दिनक तापमान मे थोड़ेक कमी दर्ज कयल गेल। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सहरसा जिलाक अगवानपुर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल जतऽ के न्यूनतम तापमान सात दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

——————————————————————————————

समाप्त